**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 15 ноябрь Рузман №51 (7865) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багъа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Тушманасухъан бахъараб рагъулаб техникаялъул выставка

МахIачхъалаялда «Россия -дир тарих» абураб Тарихияб паркалда рагъун буго Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда Россиялъул аскарияз бахъараб рагъулаб техникаялъул хьвадулеб выставка.

Гьал къояз гьенире щвана нилъер районалъул вакилзаби бетIералда районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровгун.



Выставкаялде рачIунезул гIемерлъиялъ бицунеб букIана дагъистаниязул ватIаналде ва СВОялда гIахьаллъулел ракьцояздехун бугеб рокьул ва гьездаса чIухIиялъул. Чамалиго моцI буго выставкаялъул Россиялъул



шагьаразда сверулеб. Гьенир рихьизе бегьула Украиналъул, Великобританиялъул, Франциялъул, Германиялъул, Швециялъул, Турциялъул ва



СШАялъул танкабигун БТРал, бронеавтомобилалгун пилот гьечIого рор-жунел аппаратал (БПЛА) ва цогидаби рагъулаб техникагун кьвагьулеб ярагъ. Экспозициялъ баянго бихьизабулеб буго нилъер пачалихъалъул гуч ва къуват.

**ГIубайдула Малачдибиров**

### БахIарчияб иш

## ГьитIинав бахIарчиясул кIудияб гьунар

-Багъадураллъун гъаруларо, багъадураллъун цо лахIзаталъ рахъунин абураб кици буго умумузул. Дагъал цере къояз гьеб кици хIакъикъатлъана Шава росдал школалъул кIиабилеб классалъул цIалдохъан ИсхIакъ Хъиличовасе. Гьесул рахIат хвезабураб жоги щибго букIинчIо, жиндирго нухккун унев васасда циндаго йикъула хъущтIун каналалде йортарай ункъабилеб классалъул цIалдохъан София ГIалиева лъелъ тIерхьуней. Гьев сверухъ валагъула, вихьулелъув чиго гьечIоан. Щиб гьабизе лъаларого вукIарав гьесие гIемер ургъизе заман букIинчIо: хIинкъи букIана София тIуянго каналалъул тIинде иналда. Гьесул ракI хех къабизе лъугьана, ва жиндирго гIумруялъе бугеб хIинкъиялъул пикру гьабичIого, цIорораб лъелъе кIанцIула ва гъанкъулей ясалъухъе лъедола. Щибаб лахIзат сагIатлъун кколеб букIанин ракIалде щвезабула жакъа ИсхIакъица, амма яс хвасар гьайиялъул гурони, батIияб пикру ботIролъе ва рекIелъе биччачIин абун вуго-ан гьев.

Бигьа букIинчIо гьесие иш, амма къуватги къохIехьейги гIуна гьесул яс каналалъул рагIалде цIазе ва хвасар гьайизе. Щибго абизе кIоларого йикIана хIинкъиялъ ва квачаялъ жийго Софияги.

Гьесул рохалие гIорхьи букIинчIо, амма живго бахIарчилъун гьес рикIкIунаро. Жиндир бакIалда цогидазги гьебго гьабизе букIанин намусго, гIодовиччан абуна, ккедал къо борхи киназулго борч бугин тIадеги жубана.



ГьитIинав вукIаниги, гьунар кIудияв бахIарчи вуго ИсхIакъ, кидаго хIаракат бахъула гьес цебесеб кьерда вукIине. Жиндасан ригьалъги къаркъалаялъги кIудияй яс хвасар гьаюрав гьитIинав ИсхIакъил кIалдисан жеги бачIинчIо чIухIараб рецц-бакъ бокьараб хабар. Бихьулеб буго васасе тарбия кьей ва гьев куцай гъоркьанго тIад кьварараб, тIалабчилъигун жавабчилъи цIикIкIараб букIин. Нижеца школалдаги кIодо гьавуна гьев, росдал администрациялъул бетIер ГъазимухIамад ХIажимухIамадовасги лъикIаб сайигъат гьабуна гьесие, гIаданлъиги, гIадатлъиги, къохIехьейги цIунавравлъун вахъагиян гьара-рахьиги гьабуна.

Кьвари, къвакIи ва хIинкъигьечIолъи ккола гIаммаб куцалъ инсанасул борч. Божула ИсхIакъил гIаданлъиялъул хIакъалъулъ бицунеб нилъеда жеги рагIилин.

Баркала гьединав вас куцалел эбел-инсуеги.

**Сураталда:** ИсхIакъгун София.

**Сидрат НургIалиева,** Шава росдал школалъул директор

## Россиялъул хъвадарухъабазул мухъилъе вачана



Сасикь росулъа МухIамадхIабиб СагIадуевас гIемер хьвала гIурус ва магIарул мацIазда кучIдул. 2019 соналъ гIурус ва магIарул мацIазда къватIибе бачIана МухIамадхIабибил «Листопад любви» абураб тIехь.

Дагъав цеве МахIачхъалаялда Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель Марина АхIмадовалъ МухIамадхIабиб СагIадуевасе кьуна Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъиялде восиялъул билет.

**Сураталда:** Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель Марина АхIмадова (Колюбакина), МухIамадхIабиб СагIадуев ва Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул авар секциялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудинов.

Эркенаб гугари

# Къади Абакаровасул турниралъ адрес хисана

**9-10 ноябрь. МахIачхъала.**

-Гьаб нухалъ ЦIумада районалъул ракьалда гьечIониги,



кидаго гIадин, цIумадисел рохарал руго ракьцояв, Со-



вет Союзалъул бахIарчи Абакаров Къади ракIалде щвеялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ тIолгороссиялъулаб иргадулаб кIикъоялда анцIила цоабилеб турнир нилъер республикаялъул тахшагьаралда тIобитIулеб букIиналдаса,-ян зирараб гьаркьидалъун турнир рагьулаго гьелъие нухмалъи гьабулев цIумадисезул ракьцояв, Чонтаулалдаса АхIмад КъурамухIамадовас микрофоналдасан абидал, занкIун цIун букIараб республикаялъул физкультураялъулги спорталъулги министерствоялъул «Труд» стадионалда бугеб волейболалъул централъул залалъуб циндаго сихIкьотIи ккана. Агъвали турнир тIобитIулеб мехалъ гIадин, гIеч бортизе бакI залалъубги рагьдаги гьечIого букIинчIониги, спорт бокьулелги, гугарухъабазул гIагарлъиялъулги гIемерав чи вукIана спортзалалъув. ГIодор чIезе бакIал гIечIолъиялъ, рахъунчIаразул къадарги дагьаб букIинчIо.

Дунялалъул ва Европаялъул чемпионатазул, Олимпиялъул хIаязул ва цогидалги машгъурал турниразул чемпионал ва призерал куцараб Агъвали спортзал исана лъагIалил




байбихьуда цIаккун бухIиялъ, хIукму ккана иргадулаб турнир МахIачхъалялда тIобитIизе.

2018 соналъ турниралъе кьуна мастерлъиялъулаб статус. Гьениб тIоцебесеб бакI ккурал гугарухъабазе кьола Россиялъул спорталъул мастерасул цIар. Исана анцIго батIияб (57, 61, 65, 70,74,79, 86, 92, 97 ва 125) кг. цIайиязда цере рахъана улкаялъул 20 регионалдаса 216 речIчIухъан. Рохараб хIужа букIана цIикIкIарасеб къадар гугарухъабазул батIибатIиял регионазул командабазул вакилзабилъун рукIаниги, дагъистаналъул школалда куцарал рукIин. Хасаб реццбакъалъе мустахIикълъана МахIачхъалаялда ругьунлъулел речIчIухъаби, анцIго чемпионасда гьоркьоса щугоял рукIана республикаялъул тахшагьаралъулал. Абизе бегьула щибаб цIайиялда церерахъунел цIумадиселги рукIанин.

КIиго къоялъ халатрахъарал къецазул хIасилазухъ балагьун киназулго пикру цолъана турниралъул бищун лъикIав речIчIухъанлъун МахIачхъалаялда ругьунлъулев, 61 кг. цIайиялда Ставрополь краялъул командаялда цеве вахъунев, ункъабго цевевахъин замана щвелалдего бергьенлъиялда рагIалде бахъарав Тамирлан Караев рикIкIине.

Турниралъул чемпионазе ва призеразе кьуна рекъон кколел даражабазул грамотабигун медалал ва 15000, 10000 ва 5000 гъурущ.

Турниралъул чемпионаллъун ва призераллъун рахъана:

**57 кг.**

1.Башир Исраилов (Москва), 2. ГIусман СултIанов (Москва), 3. Шемседин Бабаев (Хасавюрт), МухIамадэмин АхIмадханов (МахIачхъала).

**61 кг.**

1. Тамирлан Караев (Ставрополь), 2. МухIамадамин Арсланбеков (Каякент), 3. МухIамадрасул Дагиров (МахIачхъала), ЖабрагIил Гъаирбеков (Москва).

**65 кг.**

**1. Эльдар АхIмадудинов (Хасавюрт -Кванхи), 2.МухIамад Тажудинов (Оренбург-Агъвали),** 3.ХIажимухIамад ХIажиев (МахIачхъала), Рамазан ЧIанкаев (МахIачхъала).

**70 кг.**

1. ГIабдурахIман ТIалхIатов (МахIачхъала), 2.АхIяд Насирхаев (Хасавюрт), 3.МухIамад Адаев (МахIачхъала), Агаджи МухIамадов (МахIачхъала).

**74 кг.**

1. ГьитIин ГъазимухIамадов (Каспийск), 2.Аслудин Багамаев (МахIачхъала), 3. МухIамадэмин Джанмирзаев (МахIачхъала), ГIабдурахIман ГIабдусаламов (Хасавюрт).

**79 кг.**

**1.КамильГIабдулвагьабов (МахIачхъала-РичIагьанихъ),** 2.Дибир МухIамадов (МахIачхъала), 3.Малик Сидикъов (Хасавюрт), НигIматула НигIматулаев (МахIачхъала).

**86 кг.**

1.ГIали Нуров (МахIачхъала), 2.Шамил ГIалиев (МахIачхъала), 3. Мурад МухIамадов (МахIачхъала), **ГIумар Шагьрудинов (МахIачхъала-Гъигьалъ).**

**92кг.**

1.ХIайбула ГюльмухIамадов (Ставрополь), 2. Камил ГIабдулкъадиров (Хасавюрт), **3. ГIабдулмуслим Тимирбулатов (Кизляр-Кванхи),** АхIмад Багьавудинов (МахIачхъала).

**97 кг.**

**1.ГIумар Зияутдинов (МахIачхъала-Хуштада),** 2.Ислам ХIайдаров (МахIачхъала), 3.Рамазан ХIажимурадов (Кизляр), Шамил ГIумаров (МахIачхъала).

**125 кг.**

1.МухIамад МухIамадов (МахIачхъала), 2.ХIасан Шабанов (МахIачхъала), **3.Саидмухlамад Гъаирбеков (МахIачхъала-Гъигьалъ),** Илья Дмитриев (Воронеж).



**(61 кг. чемпион ва призерал)**

Турниралъул гIуцIарухьанлъун букIана «ЦIумада район» муниципалияб район. Кидаго гIадин, турниралъул аслияв спонсор вукIана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат, меценат ГIабдурахIман Камиловас, гьединго спонсорлъи гьабуна Силди росдал администрациялъул бетIер МухIамад НурмухIамадовас, кидаго гIадин камичIо сайгъатал «CoroHome» дармилаб рукъалъул бетIергьан ТIиндиса КъорамухIамад ГучучгIалиевасулги. Турнир тIобитIиялъул аслияб масъала букIана республикаялда эркенаб гугари машгьурлъиялъе ва гIун бачIунеб гIел сахаб гIумруялде машгъуллъизе кумек гьаби.

Турнир рагьулаго районалъул бетIер Шамил ГIумаровас гугарухъабазда ва спортбокьулезда баркана турнир рагьи, гьарана гугарухъабазе бергьенлъаби ва балагьаразе ракIалдаса унарел лахIзатал.

-ХIурматиял спортсменал ва спортбокьулел! РакI-ракIалъ баркула нужеда иргадулаб турниралъул байрам, урхъараб

Эркенаб гугари

# Къади Абакаровасул турниралъ адрес хисана

2

салам нужеде гьалбал хириял цIумадисезул рахъалдаса. Гьанир ракIарун руго хIинкъикъай лъаларел, къуркьи гьечIел, цере лъурал масъалаби тIуразе кIолел гIолохъаби. Нужер щивав ккола цебе лъураб масъала тIубазабизе бахъулеб хIаракаталъул гвангъараб мисал. ГIицIго заман иналъе спортгун расандулел чагIи гуро нуж. Нужеца куцалеб буго нужерго гIамал, къуват, гуч, къохIехьей, цохIо гьаниб, спортзалалъул ургуялда гуребги, хадубккунисеб гIумрудульги нужее батизесеб.



(65 кг. чемпион ва призерал)

Спортгун гIумру бухьинабурал нужеца квербакъулеб буго спортсменазул цIияб гIел куцазе, машгьурлъизабулеб буго спорт ва сахаб гIумру, рес кьолеб буго нужерго гуч ва къуват гIолохъанал спортсменазда бихьизабизе. Гьарула киназего бергьенлъаби, рекIел мурадал тIурай», - ян абуна районалъул бетIерас гугарухъабаздехунги вуссун.

Турниралда хIурматиял гьалбаллъун хIисабалда рукIана ва кIалъазе рахъана республикаялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министр Сажид Сажидов, Россиялъул президентасул СКФОялда ву-


(79 кг. чемпион ва призерал)

гев ихтияр кодосев вакиласул кумекчи Айдамир Валиев, Пачалихъияб Думаялъул депутат Роберт Кочиевасул кумекчIужу Жанна Мусаева, кинорежиссер Алена Фоломьева, Москваялъул мажгиталъул имам АхIмад Залихаев, Россиялъул мустахIикъав тренер МухIамад ХIусенов.

Гьединго турниралда рукIана дунялалъул, Европаялъул ва Олимпиялъул хIаязул чемпионалгун призерал, Россиялъул мустахIикъал тренерал.

Спорт бокьулезе кIочонарел лахIзаталги тун, къецал ана тIадегIанаб даражаялда. Гьеб иналъе аслияб куцалъ квербакъи гьабуна ритIухъал судиябазул къокъаялъ. Бергьаразе ва призеразе кьуна Пачалихъияб Думаялъул депутатазул, батIи-батIиял идарабазул нухмалъулезул ва цогидазулги рахъалъан гIарцулал шапакъаталгун ракIалде щвеялъе сайгъатал, баркалаялъул кагъталгун хIурматалъул грамотаби. Абизе бокьун буго гьитIинав спорсмен-меценат Ашахан Хъазанатовасул сахаватаб квер камичIин гьаб нухалъгиян: анцIила лъабго хирияб Къуръан сайгъат гьабуна гьес районалъе.

Турнир гIуцIадго ва тIадегIанаб даражаялде иналъе жигараб хIалтIи гьабуна гьелъул гIуцIарухъабаз.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе турнир тIобитIизе кумек гьабуралъухъ спорталъул минстр Сажид Сажидовасе ва кIиябго къоялъ берцинго тадбир бачарав нилъер ракьцояв АхIмад КъурамухIамадовасе.


(97 кг. чемпион ва призерал)

**ГI. Малачдибиров,**
**Х. Залимханова**

Динияб бокIон

# Аварагас садакъа щай босичIеб?

Аварагас (гI.с.в.) сайгъаталъе кьураб жо босана, амма садакъаялъе кьураб босичIо. Гьеб босичIого теялъе щиб гIилла букIараб? Садакъа кьола гIадамазул чороклъи бацIцIинелъун.

Гьеб Аллагьас хира ва кIодо гьавурав Аварагасе (гI.с.в.) бегьулеб жо гуро. Аварагас (гI.с.в.), жиндиего щиб букIаниги кьолеб мехалда гьикъулаан, гьаб сайгъатищ яги садакъайищ абун. Сайгъат бугин абуни босулаан, садакъа бугин абуни толаан.

ГIаишатидасан бицараб хIадисалда буго: «Радал вачIун Аварагас (гI.с.в.) гьикъулаан кваназе жо бугищ»,- илан? Дица абулаан гьечIилан. Цинги Аварагас (гI.с.в.) абулаан кIал кквезе бугин.

Цо нухалъ Авараг (гI.с.в.) вачIийдал дица абуна, нилъее сайгъат бачIанилан. Щиб бачIарабин гьикъидал, гьелъ абула хIайс бугин. Гьеб мехалда Аварагас (гI.с.в.) абулаан: «Дица кIал ккун букIана ва амма гьанже кванала», - ян.

Гьаб хIадисалъ тIоритIел гьабула суннатаб, къалъун гьечIебгIан заманалъ, кIалалъе радал ният гьабизе бегьиялда. Амма паризаяб кIалалъе тIадаб буго къаси мехалъ ният гьабизе, маркIачIул заманалдаса хадуб, рогьалил гIуж щвелалде. Гьединго хIадисалъул ахирисеб бутIаялъ тIоритIел гьабула суннатаб кIал биххизе бегьулеблъиялде.

Цогидаб хIадисалъги гьелде тIоритIел гьабула: «Суннатаб кIал ккурав жиндирго ихтиялралда вуго: бокьани ккела, бокьичIони биччала», - ян.

Амма Къуръаналда бугеб: «Нужеца нужерго гIамалал хвезаруге», - ян абураб аят бачана паризаял гIамалазде, ай как-кIал гIадинал. Гьаб нилъеца бицараб хаслъула ШафигIияб мазгьабалда.

Абу ХIанифал мазгьабалда ккураб кIал, суннатаб ва паризаяб букIа, биччазе ихтияр гьечIо.

Абу Гьурайратидасан бицараб хIадисалда буго: «Аварагасе (гI.с.в.) щиб букIаниги босун бачIиндал, гьес цIехолаан, гьаб сайгъатищ яги садакъайищ абун. Садакъа бугин абуни, гьес асхIабзабазда абулаан нужецаго кванайин абун ва жинцаго кваналароан. Амма сайгъат бугин абуни, асхIабзабазда цадахъ кваналаан», - ян.

Сайгъат босиялъе хIикмат букIана, гьеб кьолев чи кIодо гьави. Амма садакъа кьола мискинав, пакъирав чи вихьун. Гьеб макъам Аварагасе (гI.с.в.) рекъоларо, гьев гьелдаса вацIцIадав вуго.

Капурзабазги абизе букIаралъулха, Аварагас (гI.с.в.) садакъа жиндиего ва жиндирго агьлуялъе бакIарулеб букIаниланги.

* * *

# Аварагасул пашманлъи

Аварагасул (гI.с.в.) пашманлъи ва гIоди букIана релъиялда релълъараб. ГIодулелъулги Гьев гьаракь биччан гIодулароан. Амма берал магIил цIолаан ва чвахун рачIунаан, аскIов вугесда ургьисан хъирхъири-сасги халлъулаан. Хварасда хадув гIодулелъулги, гьесдехун бугеб гурхIелалъ, хIал хисун гIодулаан.

Умматалъул бугеб тIалабалъ ва БетIергьанасул ццим бахъин щвеялда хIинкъун букIунаан гIемерисеб гIодигун пашманлъи. Жеги гьев гIодулаан Къуръан цIалулелъул яги сардилъ вахъун тIагIат гьабулелъул, суннатал какал ралелъул. Как бан лъугIидал, Аллагьасдехун вуссун, Гьес гьарулаан: «Я дир Аллагь Дуца дие къотIи гьабичIищ гьезие (Маккаялъул агьлуялъе) гIазаб гьабиларин дун гьезда гьоркьов вугебгIан заманалъ ва гьез (муъминзабаз) жидер мунагьазда тIаса лъугьин гьарулеб бугебгIан мехалда? (Гьале) Нижеца Дуда тIаса лъугьин гьарулеб буго!» - ян. (Муслим)

ГIабдуллагь ибну Шихирадасан бицун буго: «Цо нухалъ дун щвана Аллагьасул Расуласухъе. Дида гьев как балев ватана. Гьев вугоан гIодулевги. (Как бан лъугIизегIан аскIов вахъун чIарав) дида, цIеда лъун гьалдолеб бугеб хьагил кинниги, гьесул карандаса рагIулеб букIана хъирхъири-сас», - абун. (Муслим)

ГIабдуллагь ибну МасгIудица бицана: «Цо нухалъ Аллагьасул Расулас дида абуна: «Дие Къуръан цIале», - ян. Дун гIажаиблъана ва абуна: «Я Аллагьасул Расул! Кин дица цIалилеб, гьеб рещтIинго дуде бугеб мехалъ», - абун. Аварагас (гI.с.в.) абуна: «Дие бокьула цогидаз гьеб цIалулелъул гIенеккизе», - ян. Цинги дица байбихьана «ан-Нисаъ» сура цIализе. 41-абилеб аяталде щун (жиндир магIна гьадинаб бугеб): «Къиямасеб къоялъ кин букIинеб, Нижеца щибаб умматалдаса нугIлъи гьабулев вахъинавидал Аллагьасда божичIезул иш, мунги Нижеца вахъинавила дур умматалъул гIадамазе нугIлъи гьабулевлъун», - абураб аят цIалулелъул дида рихьана Аллагьасул Расуласул берал магIил цIун», - ян. (Бухари, Муслим)

Амма Аварагас (гI.с.в.) биччалароан гьаракь гьабун гIодизе. ГIагарав чи хвараздаги абулаан гьединаб гIоди Аллагьасул ццим бахъинабулеблъун бугин. РакIунтун бачIунеб магIу абуни, гьеб бугин хварасдехун гурхIел-рахIму гьабиян бицунаан. Кинаб хIал тIаде щваниги шукру гьабулелллъун рукIаянги малъулаан.

Анас ибну Маликидасан бицун буго: «Аварагасул (гI.с.в.) яс (Умму Кульсум) хвараб мехалъ ниж рукIана гьесда аскIор. Аллагьасул Расул вукIана гьелъул хабада аскIов гIодовчIун. Дида бихьулеб букIана Гьесул бадиса магIу чвахулеб», - абун. (Бухари) ГIаишатица бицана: «ГIусман ибну МазгIун (гьев вукIана Аварагасул (гI.с.в.) рахьдал вац) хвараб мехалъ Аллагьасул Расулас гьесда (гьурмада, надалда) убач гьабуна. Гьеб мехалъ Авараг (гI.с.в.) гIодилевги вукIана (бадиса чвахараб магIу гьурмаде тIинкIулебги букIана)»,-абун. (Абу Давуд).

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

ОМВД России

## Миграционный пункт информирует

Мрационный пункт отдела МВД России по Цумадинскому району информирует, что сведения об адресе регистрации в паспортах граждан будут указываться в соответствии с Государственным адресным реестром в структуре муниципального деления.

Федеральным законом от 28 декабря 2013г. №443-ФЗ «О федеральной информационной адресной системе и о внесении изменений в Федеральный закон «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» предусмотрено использование сведений об адресах, содержащихся в Государственном адресном реестре, в том числе при предоставлении государственных и муниципальных услуг.

В этой связи обращаем внимание, что при предоставлении государственной услуги по регистрационному учету гражданам Российской Федерации во внутрироссийских паспортах и свидетельствах о регистрации по месту пребывания (жительства - в отношении детей, не достигших 14-летнего возраста) будут указываться адреса в соответствии со сведениями, содержащимися в Государственном адресном реестре в структуре муниципального деления.

Ознакомиться с написанием адреса возможно с помощью сервиса, размещенного в открытом едином федеральном общедоступном ресурсе на сайте fias.nalog.ru.

Одновременно просим учитывать, что раннее проставленные в паспорта штампы о регистрации по месту жительства сохраняют свою актуальность и не требуют замены паспорта.

* * *

## Незаконная миграция-национальная безопасность

Незаконная миграция относится к главным стратегическим рискам и угрозам национальной безопасности России в экономической сфере на долгосрочную перспективу. В Стратегии национальной безопасности Российской Федерации прямо указывается на рост угроз, связанных с неконтролируемой и незаконной миграцией. К последствиям незаконной миграции относятся развитие теневой экономики, она продолжает оставаться фактором, способствующим возникновению межнациональной и межконфессиональной напряженности, распространению идей экстремизма, который в последнее время приобретает насильственный характер.

В сложившихся условиях противодействие незаконной миграции становится одной из важнейших задач в деятельности правоохранительных и иных государственных органов, которая требует комплексного подхода, направленного на выявление и устранение обстоятельств, способствующих данному негативному явлению.

В целях стабилизации миграционной ситуации, оздоровления криминогенной обстановки в районе, повышения эффективности борьбы с нелегальной миграцией на территории района с 19 по 28 ноября проводится четвертый этап оперативно-профилактического мероприятия «Нелегальный мигрант» по выявлению и пресечению правонарушений в сфере миграционного законодательства Российской Федерации.

Проводимые мероприятия направлены на выявление работодателей, незаконно привлекающих иностранных граждан, пребывающих на территорию района с нарушениями режима пребывания, а также лиц, организующих незаконный въезд и пребывание иностранных граждан в Российской Федерации.

Общие задачи населения района и миграционного пункта отдела МВД России по Цумадинскому району заключается в том, чтобы вовремя среагировать на угрозы международно-террористических организаций и принятие мер соответствующего реагирования.

**З.Магомеднабиев,** начальник миграционного пункта отдела МВД России по Цумадинскому району

* * *

## Ответственность за нанесение надписей и рисунков на стены зданий и сооружений

Нанесение на стены домов и сооружений различного рода надписей, рисунков относится к проявлениям хулиганства и вандализма. Любая надпись на стене является нелегальной, если не было получение разрешение от собственника.

Ввиду высокой общественной опасности вандализма, за несанкционированные художества установлена как административная, так и уголовная ответственность, а грань между уголовным преступлением и административным правонарушением весьма условна.

В связи с актуальностью данной проблемы отдел МВД России по Казбековскому району напоминает об ответственности, предусмотренной действующим законода¬тельством Российской Федерации.

Согласно статье 7.17 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях (далее - КоАП РФ), уничтожение или повреждение чужого иму¬щества, если эти действия не повлекли причинение значительного ущерба, влечет наложение административного штрафа в размере от трехсот до пятисот рублей.

Если будут установлены факты пропаганды либо публичного демонстрирования нацистской атрибутики или символики, либо атрибутики или символики, сходных с нацисткой атрибутикой или символикой до степени смешения, либо атрибутики или символики экстремистских организаций, либо иных атрибутик или символики, пропаганда либо публичное демонстрирование которых запрещена федеральными законами, в соответствии с частью 1 статьи 20.3 КоАП РФ, предусмотрена административная ответственность в виде наложения административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до двух тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения либо административный арест на срок до пятнадцати суток с конфискацией предмета административного правонарушения.

В соответствии со статьей 20.3.1 КоАП РФ, действия направленные на возбуждение ненависти либо вражды, а также на унижение достоинства человека либо группы лиц по признакам пола, расы, национальности, языка, происхождения, отношения к религии, а равно принадлежности к какой-либо социальной группе, совершенные публично (а нанесение надписей в общественных местах относится к публичным действиям), если эти действия не содержат уголовно наказуемого деяния, влекут наложение административного штрафа на граждан в размере от десяти тысяч до двадцати тысяч рублей, или обязательные работы на срок до ста часов, или административный арест на срок до пятнадцати суток.

От степени тяжести совершенных деяний подобные действия могут быть квалицированы по признакам преступлений, предусмотренных ст.ст. 214, 280 и 282 Уголовного кодекса РФ.

Спорт

## ЦIумадисел дунялалъул къецазда




10-13 ноябралда Казаналда тIобитIана рачлида рагъияльул рахъаль дунялалъул чемпионат.

Гьенир ракIарун рукIана дунялалдаго машгьурал рачлида рагъулел речIухъаби.

100 кг. цIайиялда гьенив цеве вахъана рачлида рагъияльул рахъаль Россиялъул спорталъул халкъазда гьоркьосеб классалъул мастер КIванадаса Гъази Халилов. Астраханалъул командаялда цеве вахъунев Гъазица гьениб ккуна лъабабилеб бакI.

Гьеб тIоцебесеб бергьенлъи кколаро Гъазил. 2021 соналъ гьев вахъана дунялалъул чемпионаталъул гIарцулав презерлъун, 2022 соналъ - дунялалъул Кубокалъул хвежаинлъун. Араб соналъ Бакуялда Европаялъул чемпионаталда гьес ккуна тIоцебесеб бакI. Исана Казаналда тIоритIарал БРИКСалъул пачалихъазда гьоркьор хIаяздаги Гъази вахъана чемпионлъун.

* * *




Гьелго къояз Казаналда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб рачлида рагъияльул рахъаль дунялалъул первенство.

Гьенив 77 кг. цIайиялда цеве вахъарав ГьигьалЪа МухIамад ХIабибовас ккуна лъабабилеб бакI. Ункъо нухаль цеве вахъарав МухIамадица гьениб бихьизабуна лъикIаб гугари.

МухIамадица исана тIоцебесеб бакI ккуна гIолилазда гьоркьоб рачлида рагъияльул рахъаль Россиялъул первенствоялда. Гьединго гьев ккола эркенаб гугарияльул рахъаль гIолилазда гьоркьов Россиялъул первенствоялъул призерги.

**ГI. Малачдибиров**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Щумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Щумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1259
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru